



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023

# Manuk Kedasih lan Semut Ngangrang

Burung Kedasih dan Semut Rangrang

Penulis: Hidratmoko Andritamtomo

Ilustrator: Fatma Rochmana









Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023

# Manuk Kedasih lan Semut Ngangrang

Burung Kedasih dan Semut Rangrang

Penulis: Hidratmoko Andritamtomo

Ilustrator: Fatma Rochmana



**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat surel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **Manuk Kedasih lan Semut Ngangrang**

### **Burung Kedasih dan Semut Rangrang**

Penulis : Hidratmoko Andritamtomo

Ilustrato : Fatma Rochmana

Penerjemah : Hidratmoko Andritamtomo

Penyunting : Sri Sabakti

Penata letak : Era Wijaya S.

#### **Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

#### **Dikeluarkan oleh**

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-194-981-3 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Minion Pro, Bookman Old Style.

ii, 28 hlm: 21 x 29,7 cm.



## Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Esuk iki sorote srengenge mlebu ing antarane wit-witan. Sunare nggawe swasana sajroning alas sapinggiring Kali Oya dadi padhang. Angin tumiyup banter nyampluk pang wit-witan. Manuk-manuk padha ngoceh sesautan.

Ing sawijining pang wit dhuwet ana semut ngangrang kang nduweni swiwi. Ora adoh saka kono ana manuk emprit gantil. Jeneng liyane manuk kasebut yaiku Kedasih.

Nalika iku semut lagi maspadakake Kedasih kang lagi ngendhog ing suhe manuk pleci. Dumadakan Kedasih nibake endhoge pleci siji.

Semut gumun kenang-apa si Kedasih tumindak kaya mangkono. Dheweke banjur marani lan nakoni si Kedasih, “Susuh kuwi dudu duwekmu, geneya endhoge pleci koktibake?”

Pagi ini sinar matahari masuk di antara pepohonan. Sinarnya membuat suasana dalam hutan di pinggir Sungai Oya menjadi terang. Angin pun bertiup kencang mengenai ranting pepohonan. Burung-burung berkicau saling bersautan.

Di salah satu ranting pohon duwet terdapat semut rangrang yang memiliki sayap. Tidak jauh dari tempat itu ada burung emprit gantil. Nama lain burung tersebut adalah Kedasih.

Saat itu semut sedang memerhatikan Kedasih yang sedang bertelur di sarang burung pleci. Namun, tiba-tiba Kedasih menjatuhkan satu telur burung pleci.

Semut heran mengapa si Kedasih berbuat demikian. Dia kemudian mendatangi dan menanyai si Kedasih, “Sarang itu bukan milikmu, mengapa telur pleci kamu jatuhkan?”





Kedasih kaget marang pitakonane semut. Dheweke ora seneng yen ana sing ngelingake tumindake. Kedasih wangsulan, “Aku sengaja tumindak mangkono. Yen endhogku netes, pleci kareben ngopeni piyikku tanpa piyik liyane.”

“Iku tumindak kang ora becik!” kandhane semut. “Aku wis ngerti, ora perlu kokkandhani. Sing penting piyikku ana sing ngopeni. Becik saiki lungaa!” wangsulane Kedasih.

“Nanging tumindakmu kuwi ora bener!” semut puguh ngelingake Kedasih. “He, semut, apa kowe durung weruh yen aku iki manuk kang sekti? Kabeh wedi karo suaraku jalaran dianggo tetenger yen ing tembe bakal ana sing mati,” wangsulane gumedhe.

“Kedasih, sejatine patine titah wis kinodratake Gusti. Dadi ora jalaran suwaramu,” semut ngelingake. Nalika krungu kandhane semut, Kedasih mangkel. Dheweke banjur nyuwara sora, “Prit... prit... prililililiiiiit...!”

Kedasih terkejut dengan pertanyaan semut. Dia tidak senang jika ada yang mengingatkan tindakannya. Kedasih menjawab. “Aku sengaja berbuat seperti itu. Jika telurku menetas, pleci akan memelihara anakku tanpa ada anak burung lain.”

“Itu perbuatan yang tidak baik!” kata semut. “Aku sudah tahu, tidak perlu kau nasihati. Yang penting anakku ada yang merawat. Sebaiknya kamu pergi!” jawab Kedasih.

“Namun, tindakanmu itu tidak benar!” semut kembali mengingatkan Kedasih. “He, semut. apa kamu belum tahu jika aku ini burung yang sakti? Semua takut pada suaraku karena dijadikan pertanda akan datangnya kematian,” jawabnya sombong.

“Kedasih, sebenarnya kematian makhluk itu sudah ditakdirkan Tuhan, bukan karena suaramu,” semut mengingatkan. Ketika mendengar jawaban semut, Kedasih kesal. Dia kemudian bersuara dengan nyaring, “Prit... prit... prililililiiiiit...!”





Ora let suwe keprungu swara, “Dhor...! Dhor...!” Saka kadohan katon manuk kumleyang tiba ing lemah karo ditututi tukang mbeburu (pemburu) loro nggawa bedhil.

Sawise ndeleng iku, Kedasih kandha, “Semut, deloken buktine nyata! Sawise aku nyuwara ana manuk kang mati kebedhil. Apa kowe gelem dadi bukti sabanjure?”

“Kedasih, aku ora wedi. Jalaran matine manuk iku mung kapinujon,” wangsulane semut. Nalika krungu wangsulane semut, Kedasih saya nesu. Dheweke banjur nibake endhoge pleci siji.

Endhog kuwi pecah amarga tiba ing watu. Isi lan pecahan cangkange mau ngenani awake semut. Sawise ngerti semut gluprut, Kedasih banjur mabur karo ngguyu.

Tidak lama kemudian terdengar suara, “Dor...!Ddor...!” Dari kejauhan terlihat burung melayang jatuh ke tanah dengan diikuti dua pemburu yang membawa senapan.

Setelah melihat itu, Kedasih berkata, “Semut, lihatlah buktinya sudah nyata! Setelah aku bersuara ada burung yang mati tertembak. Apa kamu ingin menjadi bukti selanjutnya?”

“Kedasih, aku tidak takut. Kematian burung itu hanya kebetulan,” jawab semut. Ketika mendengar jawaban semut, Kedasih semakin marah. Dia lalu menjatuhkan satu telur pleci.

Telur itu pecah karena terjatuh di batu. Cairan telur dan cangkangnya mengenai tubuh semut. Saat melihat kejadian itu, Kedasih terbang sambil tertawa.





Semut kang tiba banjur tangi.  
Dumadakan dheweke kelingan omahe  
kang ilang jalaran kegawa angin.  
Semut banjur lunga nggoleki omahe.

Semut mlaku ing pang wit-witan.  
Dheweke ngleboni gegodhongan kang  
memper omahe. Ewasemono omahe  
durung bisa ditemokake. Semut banjur  
pindhah neng wit liyane liwat lemah.

Nalika semut mlaku ing lemah,  
dumadakan njedhul ayam alas. Dheweke  
diuber arep dithothol. Semut oleh  
pandhelikan kang aman. Dheweke slamet  
amarga ora bisa ditemokake ayam alas.

Ing cedhak pandhelikane semut  
dumadakan njedhul kodhok. Semut  
mlayu jalaran arep dicaplok kodhok.  
Wekasane semut uga slamet jalaran  
bisa ngendhani pangoyake kodhok.

Semut berusaha untuk bangun. Tiba-  
tiba dia teringat rumahnya yang  
hilang karena terbawa angin. Semut  
kemudian pergi mencari rumahnya.

Semut berjalan di ranting pepohonan.  
Dia memasuki dedaunan yang mirip  
rumahnya. Namun, rumahnya belum bisa  
ditemukan. Semut kemudian berpindah  
ke pohon yang lain melewati tanah.

Ketika semut berjalan di tanah,  
tiba-tiba muncul ayam hutan.  
Dia dikejar akan dipatuk. Semut  
mendapat persembunyian yang  
aman. Dia selamat karena ayam  
hutan tidak dapat menemukannya.

Di dekat persembunyian semut,  
tiba-tiba muncul kodok. Semut  
berlari karena akan dimangsa kodok.  
Akhirnya semut selamat karena  
mampu menghindari kejaran kodok.





Semut bisa ndhelik nanging durung aman jalaran papan iku omahe trenggiling. Trenggiling seneng ditekani semut, apa maneh semut kang ukurane gedhe tinimbang liyane.

Trenggiling banjur ngoyak semut arep dipangan. Najan dioyak, semut bisa ngendhani. Wekasane semut bisa slamet. Supaya ora diburukewansing neng lemah, semut banjur munggah menyang wit.

Nalikane semut aneng sandhuwure godhong kang memper omahe, dheweke ketemu tekek. Tekek iki uga arep mangsa semut, “Ee, semut! Kowe aja mlayu arep takcaplok!” Tanpa wangsulan, semut banjur mlayu.

Dheweke ngendhani kanthi nlusup ing sela-selaning pang lan gegodhongan. Tekek ora kalah banter. Mripate kaya senter lan ilate memper laser. Kanthi mangkono tekek bisa ngerti pandhelikane semut.

Semut mendapat tempat persembunyian lagi, tetapi tempat itu ternyata rumah trenggiling. Trenggiling senang didatangi semut. apalagi semut itu berukuran besar dibanding yang lain.

Trenggiling kemudian mengejar semut untuk dimangsa. Meski dikejar, semut mampu menghindar. Ia akhirnya selamat dari kejaran trenggiling. Supaya tidak diburu hewan yang berada di tanah, dia kembali naik pohon.

Ketika semut berada di atas daun yang mirip rumahnya, dia bertemu tokek. Tokek ini ternyata juga akan memangsa semut, “Ee, semut! Kamu jangan lari akan kumakan!” Tanpa menjawab, semut kemudian berlari.

Dia menghindar dengan cara menyusup di antara sela-sela ranting dan dedaunan. Tokek tidak kalah cepat. Matanya seperti senter dan lidahnya seperti laser. Dengan kelebihanannya itu, tokek dapat mengetahui persembunyian semut.







Semut terus ngendhani pangoyake tekek kanthi ndhelik ing kayu kang bolong. Tekek ora bisa mlebu, nanging ilate bisa mlebu. Sanajan kaya ora ana pangarep-arep urip, semut tetep ngupaya supaya bisa slamet.

Nalika iku dheweke kelingan crita ing jaman Nabi Sulaiman. Sajroning crita, ana semut lagi ndedonga marang Gusti supayaslametsakapidakanprajuriteNabi Sulaiman. Dongane semut dikabulake Gusti Allah. Wekasan para prajurit ora ngliwati dalankasebut. Kanthi mangkono kabeh semut bisa slamet ora kepidak.

Sawise kelingan crita iku semut kang ndhelik sajroning kayu banjur ndonga. Pangajape bisa slamet lan ora dimangsa tekek. Tetela dongane semut dikabulake dening Gusti Allah.

Dumadakakaningpapankonoudanderes. Tekek age-age ninggalke pandhelikane semut. Wektu iku akeh kewan cilik kang mlebu sajroning bolongan kayu. Kanthi mangkono, semut ora bakal kaliren amarga akeh kewan sing bisa dipangan. Gusti wis paring keslametan lan uga paring panganan marang semut.

Semut berusaha menghindar dari kejaran tokek dengan cara bersembunyi di dalam lubang kayu. Tokek tidak dapat masuk, tetapi lidahnya bisa masuk. Meski seperti tidak ada harapan hidup, semut tetap berusaha agar dapat selamat.

Ketika itu dia teringat cerita pada zaman Nabi Sulaiman. Dalam cerita dikisahkan semut yang berdoa pada Tuhan agar selamat dari injakan prajurit Nabi Sulaiman. Doa semut dikabulkan Tuhan. Para prajurit tidak melewati jalan tersebut. Akhirnya semua semut dapat selamat tidak terinjak.

Setelah teringat cerita itu semut yang berada dalam lubang kayu kemudian berdoa. Harapannya dapat selamat dan tidak dimangsa tokek. Ternyata doa semut dikabulkan oleh Tuhan.

Tiba-tiba di tempat itu hujan lebat. Tokek bergegas meninggalkan persembunyan semut. Saat itu banyak hewan kecil yang masuk ke dalam lubang kayu. Dengan begitu semut tidak bakal kelaparan karena bisa memakan binatang-binatang kecil tersebut. Di sinilah kemurahan Tuhan kepada semut, yaitu memberi makanan sekaligus keselamatan.





Kewan kang mlebu sajroning bolongan iku kabeh panganan senengane semut. Mula dheweke bisa mangan kanthi wareg. Udan uga wis terang. Semut banjur metu saka pandhelikan.

Saka kadohan katon Kedasih mencok sacedhake pandhelikane semut. Dheweke ngguyu ngakak amarga meruhi kabeh kadadean sing dialami semut.

Kedasih banjur kandha, “Semut, kowe saiki slamet, nanging sesuk ora!” Sawise ngancam, dheweke banjur mabur ing pang kang dhuwur. Neng papan iku Kedasih banjur nyuwara seru, “Prit... prit... prit prililililiiiiit...!”

Kedasih tumindak mangkono kanggo nuduhke pandhelikane semut marang tekek. Dheweke penginsupayasemut bisa enggal mati dicaplok tekek. Nanging tekek ora mara kepara banjur lunga ngadoh.

Semua hewan yang masuk dalam lubang adalah makanan kesukaan semut. Semut sangat senang karena bisa dan makan sampai kenyang. Hujan pun mulai berhenti. Semut kemudian keluar dari persembunyian.

Dari kejauhan tampak Kedasih hinggap di dekat tempat persembunyian semut. Dia tertawa terbahak-bahak karena mengetahui semua kejadian yang dialami semut.

Kedasih kemudian berkata, “Semut, kamu sekarang selamat, tapi besuk tidak!” Setelah mengancam, dia kemudian terbang ke ranting yang tinggi. Dari tempat itu Kedasih bersuara keras, “Prit... prit... prit prililililiiiiit...!”

Kedasih berbuat seperti itu dengan tujuan untuk menunjukkan persembunyian semut kepada tekek. Dia menginginkan agar si semut dapat segera mati dimangsa tekek. Namun, tekek tidak kunjung datang bahkan malah pergi menjauh.

Semut kang diancam dening Kedasih mung meneng. Dheweke banjur mudhun saka wit supaya ora diuber tekek. Semut mbacutake lakune nggoleki omahe.

Nalika leren ing sandhuwure watu, dumadakkan dheweke dilangkahi pemburu loro nggawa bedhil. Sawijining pemburu banjur ngenerke bedhile marang Kedasih kang lagi ngoceh.

Semut meruhi Kedasih lagi diinceng pemburu. Kedasih arep dibedhil. Mula dheweke age-age nyokot sikile pemburu. “Adhuuuuuh... laraaa!” pemburu mbengok kelaran. Mbarengi pambengoke pemburu keprungu swara bedhil, “Dhooor...!”

Kedasih kaget ana mimis santer ngenani godhong ing sisih tengene nganti godhonge gogrog. Dheweke dadi sadhar lagi diinceng pemburu. Mula Kedasih banjur mabur ngendhani.

Semut yang diancam oleh Kedasih hanya diam. Dia kemudian turun dari pohon agar tidak dikejutkan. Dia melanjutkan perjalanan untuk mencari rumahnya.

Ketika sedang beristirahat di atas batu, tiba-tiba ia dilangkahi dua pemburu membawa senapan. Salah satu pemburu kemudian mengarahkan senapannya ke arah Kedasih yang sedang berkicau.

Semut mengetahui bahwa Kedasih sedang diincar pemburu. Kedasih akan ditembak. Semut lalu menggigit kaki si pemburu. “Aduuuuuh.... sakiit!” teriak pemburu kesakitan. Bersamaan dengan itu terdengar suara tembakan, “Dooor...!”

Kedasih terkejut ada peluru kencang mengenai daun di sisi kanannya hingga daun itu rontok. Dia menjadi sadar jika sedang diincar pemburu. Kedasih segera terbang menghindar.



Ing sangisore wit pemburu siji takon marang pemburu kang mbedhil Kedasih, “Geneya mimismu mlesed, Kang?”

Pemburu wangsulan, “Sikilku lara dicokot semut. Mula nggawe aku kaget lan mimis mleset ora ngenani Kedasih.”

“Kabeh wurung gara-gara semut. Upama sikilku ora dicokot semut, Kedasih mesthi kebedhil,” wangsulan pemburu muwahi.

“Iya, Kedasih mesthi mati, Kang,” pemburu siji nakyinke.

“Kabeh wong mesthi seneng yen Kedasih mati,” kandhane pemburu sijine.

“Bener! Manukku ora bakal nirokake ocephane Kedasih maneh supaya bisa takdol kanthi rega larang,” kandhane pemburu liyane.

“Saliyane iku ora ana maneh swara manuk kang diwedeni uwong. Akeh wong sing percaya yen swara Kedasih iku kanggo tandha bakal anane lelayu. Mula wong-wong pancen padha ngajap ora ngrungokake maneh ocephane Kedasih,” kandhane pemburu.

Di bawah pohon pemburu satu bertanya kepada pemburu yang menembak Kedasih. “Kenapa, pelurumu meleset, Kang?”

Pemburu menjawab, “Kakiku sakit digigit semut. Aku menjadi terkejut dan akhirnya peluru meleset tidak mengenai Kedasih.”

“Semua gagal gara-gara semut. Andai kakiku tidak digigit semut, Kedasih pasti tertembak,” tambah pemburu.

“Iya, Kedasih pasti mati. Kang,” pemburu satunya meyakinkan.

“Semua orang pasti senang jika Kedasih mati,” kata pemburu satunya lagi. “Benar! Burungku tidak akan lagi menirukan kicauan Kedasih sehingga bisa ku- jual dengan harga mahal,” kata pemburu yang lain.

“Selain itu, tidak ada lagi suara burung yang ditakuti orang. Banyak orang yang percaya jika suara Kedasih sebagai pertanda akan adanya kematian. Orang-orang tidak berharap untuk mendengar kicauan Kedasih lagi,” kata pemburu.





Sawise rampung anggone rembugan, kekarone banjur lunga. Semut kang ngrungokake kandhane pemburu dadi ngerti sakabehe. Jebul akeh wong kang mungsuhilanpenginnyingkirakeKedasih.

Semut kandha jroning ati, “Kabeh mau minangka piwales kanggo Kedasih kang kejem marang liyan. Semut banjur ngajap muga Kedasih bisa malih dadi manuk kang apik.”

Nalika semut ngudarasa, dumadakan Kedasih njedhul ing ngarepe. Dheweke kandha, “Matur nuwun, Semut. Najan kowe wis tau takcilakani, kowe isih gelem nulungi aku.”

Semut mesem banjur kandha, “Najan aku kokcilakani, aku ora arep males. Piala ora kudu diwales piala, nanging luwih becik yen diwales kanthi kabecikan.”

Setelah selesai berbincang, kedua pemburu kemudian pergi. Semut yang mendengarkan percakapan pemburu menjadi tahu semuanya. Ternyata banyak orang yang memusuhi Kedasih dan ingin menyingkirkannya.

Semut berkata dalam hati, “Semua itu sebagai akibat dan balasan untuk Kedasih yang kejam pada sesama.” Semut lalu berharap semoga Kedasih bisa menjadi burung yang baik.

Ketika semut berbicara dalam hati, tiba-tiba Kedasih muncul di hadapannya. Dia berkata, “Terimakasih semut. Meskipun aku pernah mencelakaimu, kamu masih mau menolongku.”

Semut tersenyum kemudian berkata, “Meski pernah kamu celakai, aku tidak akan membalas. Kejahatan tidak harus dibalas dengan kejahatan, tetapi lebih baik dibalas dengan kebaikan.

Kedasih kandha, “Semut marga beciking budimu, aku sadhar marang kaluputanku.”

“Aku seneng krungu kandhamu,” wangsulane semut.

“Nanging, mangerti manawa tumindakake Kedasih saanak turune bakal kaya mangkono salawase. Amarga kabeh mau wis dadi kodrate Gusti,” Kedasih muwahi.

“Aku ngerti kuwi kodratmu. Nanging saorane Kedasih kang ana ngarepku bisa dadi apik. Contone, menawa ngendhog ing susuhe manuk liya, Kedasih ora nyingkirake endhog liyane,” pituture semut.

“Aku janji ora ngguwang endhog kang susuhe dakanggo,” kandhane Kedasih.

“Aku seneng saiki kowe eling lan bakal ngowahi tumindakmu,” wangsulane semut.

Sawise iku semut lan Kedasih lungguh jejer. Kekarone padha omong-omongan bab masalahe dhewe-dhewe. Saka rembugan iku, Kedasih dadi ngerti manawa semut lagi nggoleki omahe.

Kedasih berkata, “Semut karena kebaikan budimu, aku tersadar akan kesalahanku.”

“Aku senang mendengar jawabanmu,” kata semut.

“Namun, ketahuilah bahwa semua itu sudah menjadi takdir Tuhan. Semua anak keturunan Kedasih akan berbuat seperti itu selamanya,” tambah Kedasih

“Aku tahu itu takdirmu. Akan tetapi, setidaknya Kedasih yang ada di hadapanku bisa berubah menjadi baik. Contohnya, ketika bertelur di sarang burung lain, Kedasih tidak akan menyingkirkan telur yang lain,” nasihat semut.

“Aku berjanji tidak akan membuang telur yang sarangnya aku gunakan,” kata Kedasih.

“Aku senang sekarang kamu sadarkan akan mengubah tindakanmu,” jawab semut.

Setelah itu semut dan Kedasih duduk berdampingan. Keduanya berbincang tentang masalah masing-masing. Dari perbincangan itu, Kedasih menjadi tahu jika selama ini semut sedang mencari rumahnya.



Dumadakan Kedasih kandha,  
“Nalika mabur, aku weruh barisan  
semut. Mbokmanawa kowe bisa  
takon marang semut-semut iku.”

“Apa semut iku jinise semut  
ngangrang?” pitakone semut.

“Yen dakdelok semut ngangrang.  
Apa kowe tepung karo semut-  
semut kuwi?” pitakone Kedasih

“Semut ngangrang kuwi semut  
prajurit kang lagi nggoleki  
aku,” wangsulane semut.

“Kenang-apa kowe digoleki semut  
prajurit?” pitakone Kedasih.

“Sejatine aku iki ratu semut  
ngangrang,” wangsulane semut.

“Jebul kowe ratu semut ngangrang.  
Aku njaluk pangapura!”  
kandhane Kedasih kaget.

“Ora papa, kowe ora  
luput,” wangsulane semut.

“Minangka panebusing kaluputanku,  
kowe dakaterake menyang dununge  
semut prajurit iku,” kandhane Kedasih.

Tiba-tiba Kedasih berkata, “Saat  
terbang tadi, aku melihat barisan  
semut. Mungkin kamu bisa  
bertanya pada semut-semut itu.”

“Apa semut itu berjenis semut  
rangrang?” tanya semut.

“Jika aku perhatikan, mereka semut  
rangrang. Apa kamu mengenal  
semut-semut itu?” tanya Kedasih.

“Semut rangrang itu semut prajurit  
yang sedang mencariku,” jawab semut.

“Mengapa kamu dicari semut  
prajurit?” tanya Kedasih.

“Sesungguhnya aku adalah ratu  
semut rangrang,” jawab semut.

“Ternyata kamu ratu semut rangrang.  
Maafkan aku!” kata Kedasih terkejut.

“Tak apa-apa. Kamu tidak  
bersalah.” jawab semut.

“Sebagai penebus kesalahanku, aku  
akan mengantarkanmu ke tempat  
semut prajurit itu,” kata Kedasih.







“Ora perlu, Kedasih!” semut menggak.  
“Kenang-apa?” pitakone Kedasih.  
“Jalaran kowe bakal didakwa nggondhol aku. Wekasan bakal diserang dening semut prajurit,” semut nerangake.  
“Yen mangngono, kepriye caraku bisa males budimu?” pitakone Kedasih.  
“Aku wenehana ngerti papane semut prajurit iku!” panjaluke semut.  
“Papane ing sapinggiring kali. Manawa kowe nyabrang dhewe mesthi keli,” kandhane Kedasih.  
“Yen ngono aku kudu kepiye?” pitakone semut.  
“Kowe dakgoleke godhong. Godhong iku bisa koktungangi kanggo nyebrangi kali,” wangsulane Kedasih.  
“Matur nuwun Kedasih awit pambantummu,” panuwune semut.

“Tidak perlu, Kedasih!” semut melarang.  
“Mengapa?” tanya Kedasih.  
“Kamu akan dituduh telah menculikku. Akibatnya mereka akan menyerangmu,” jelas semut.  
“Jika begitu bagaimana caraku dapat membalas budimu?” tanya Kedasih.  
“Beritahukan saja kepadaku tempat semut prajurit itu!” pinta semut.  
“Tempatnya di seberang sungai. Jika kamu menyeberang sendiri pasti akan terhanyut,” kata Kedasih.  
“Jika begitu aku harus bagaimana?” tanya semut.  
“Aku akan mencarikanmu daun. Dengan daun itu kamu dapat menaikinya untuk menyeberangi sungai,” jawab Kedasih.  
“Terima kasih Kedasih atas bantuanmu,” kata Semut.





Sawise kandha mangkono marang semut, Kedasih banjur mabur. Ancase nggolekake godhong garing kanggo semut. Ora wetara suwe, Kedasih teka nggawa godhong garing. Godhong mau banjur diwenehake marang semut.

Godhong kang ditunggangi semut banjur digawa Kedasih menyang kali. Satekaning kali, Kedasih banjur nibakake godhong mau. Lakuning godhong kegawa ilining kali. Kedasih nyawang saka kadohan mesthekake ratu semut bisa nyabrang kali kanthi slamet.

Nanging tekan tengah kali, godhong kang ditunggangi semut ora gelem minggir. Kedasih age-age mabur kanggo ngenerake lakune godhong supaya bisa minggir. Dheweke tansah ngupaya supaya godhong kang ditunggangi semut bisa nyebrangi kali.

Satekane pinggir kali, ratu semut dipethuk dening semut prajurit. Kabeh katon padha sorak seneng jalaran ratu semut bisa bali kanthi slamet.

Setelah berkata begitu kepada semut, Kedasih kemudian terbang. Tujuannya adalah mencarikan daun kering untuk semut. Tidak seberapa lama, Kedasih datang dengan membawa daun kering. Daun itu kemudian diberikan pada semut. Daun yang sudah dinaiki semut lalu dibawa Kedasih ke sungai.

Sesampainya di sungai, Kedasih kemudian menjatuhkan daun itu. Daun berjalan terbawa aliran sungai. Kedasih mengawasi dari kejauhan untuk memastikan ratu semut dapat menyeberang sungai dengan selamat.

Namun, saat berada di tengah sungai, daun yang dinaiki semut tidak menepi. Kedasih bergegaster terbang menghampiri untuk mengarahkan daun agar dapat menepi. Dia berusaha agar daun yang dinaiki semut dapat menyebrangi sungai.

Setibanya di pinggir sungai, ratu semut dijemput oleh semut prajurit. Semua tampak bersorak gembira karena ratu semut dapat kembali dengan selamat.





Ratu lan prajurit semut ngangrang ngaturake panuwun marang Kedasih. Kedasih rumangsa seneng banjur males kanthi mesem. Dheweke banjur mabur dhuwur tumuju sarang pleci. Dheweke arep niliki endhoge kang ana ing susuhe pleci.

Sawise tekan ing susuhe pleci, Kedasih weruh yen endhoge wis netes. Saka kadohankaton pleci lagi ngupakara anak-anake klebu anake Kedasih. Kabeh piyik diupakara kanthi kebaking rasa welas asih. Pleci ora mbedakake antarane anake dhewe lan anake Kedasih.

Tanpa sadhar eluh Kedasih netes. Dhewekke getun wis daksiya marang pleci. Dheweke janji ora bakal mbaleni kaluputane kaya wingi.

Kedasih banjur mabur ningalake piyike neng susuhe pleci. Dheweke tansah ngajap anake supaya mbesuk tansah seneng tetulung lan ora nyilakani liyan. Satemah manuk Kedasih bakal ditresnani dening kabeh titah ing donya.

Ratu dan prajurit semut rangrang menyampaikan terima kasih kepada Kedasih. Kedasih merasa senang kemudian membalas dengan senyuman. Dia kemudian terbang tinggi menuju ke sarang pleci untuk melihat telurnya.

Setibanya di sarang pleci, Kedasih mengetahui telurnya telah menetas. Dari kejauhan ia bisa melihat pleci sedang merawat anak-anaknya termasuk anak Kedasih. Semua anaknya dirawat dengan penuh rasa kasih sayang. Pleci tidak membedakan antara anak sendiri dan anak Kedasih.

Tanpa sadar Kedasih meneteskan air mata. Dia menyesal telah berbuat semena-mena terhadap pleci. Dia berjanji tidak akan mengulangi kesalahannya seperti masa lalu.

Kedasih kemudian terbang dengan meninggalkan anaknya di sarang pleci. Dia berharap agar kelak anaknya senang menolong dan tidak mencelakai sesama. Dengan begitu, burung Kedasih akan dicintai oleh semua makhluk di dunia.

# Biodata

## Hidratmoko Andritamtomo



Hidratmoko Andritamtomo adalah guru Bahasa Jawa di SMPN 1 Jetis. Beberapa karyanya dimuat di beberapa majalah berbahasa Jawa di wilayah DIY dan Jatim Timur. Ada pula yang dimuat di majalah terbitan Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur dan Dinas Kebudayaan DIY. Dia mulai menulis sejak tahun 2018. Untuk menghubunginya dapat mengikuti Instagram @dimashidratmoko.panatacara.

## Fatma Rochmana



Fatma Rochmana adalah sarjana pendidikan Seni Rupa. Saat ini berprofesi sebagai seorang guru lukis di beberapa sekolah TK dan SD di Yogyakarta. Hobi menggambar sejak kecil dan memulai karir sebagai ilustrator buku anak sejak tahun 2022. Karyanya bisa dilihat di instagram @fatmarochma. Untuk berkomunikasi dapat menghubungi posel fatmarochma59@gmail.com.

## Sri Sabakti




Sri Sabakti dilahirkan di Sragen, Jawa Tengah. Sejak 1998 hingga pertengahan tahun 2020, ia menjadi PNS di Balai Bahasa Provinsi Riau. Pada bulan Juli 2020, ia kemudian pindah ke Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta hingga saat ini. Keterlibatan dalam dunia sastra, di antaranya ia telah menulis buku bacaan untuk anak dengan judul Kisah Burung Udang dan Ikan Toman (2017) dan 21 Cerita Rakyat Bumi Lancang Kuning (2010). Selain itu, ia juga membuat karya tulis yang dimuat di beberapa jurnal dan surat kabar. Dalam dunia penyuntingan, Sri Sabakti beberapa kali dilibatkan dalam tim penyuntingan di Balai Bahasa DIY. Ia dilibatkan untuk menyunting karya sastra hasil sayembara yang dilaksanakan oleh Balai Bahasa DIY, khususnya cerita anak, baik yang berbahasa Jawa maupun berbahasa Indonesia (2021–2023).



# Menghitung Hewan

Hitunglah jumlah tiap hewan yang ada di gambar dan tulis pada kotak yang ada di bawahnya



# Mencari Perbedaan

Carilah 4 perbedaan pada dua gambar di bawah ini!







MILIK NEGARA  
TIDAK DIPERDAGANGKAN

# Manuk Kedasih lan Semut Ngangrang

Burung Kedasih dan Semut Rangrang

Semut ngangrang tertiuip angin terjatuh di dekat Burung Kedasih. Semut Ngangrang mengingatkan Burung Kedasih menjatuhkan telur burung Pleci. Burung Kedasih tidak terima. Berbagai cara dilakukan agar Semut ngangrang tertimpa musibah. Namun semut ngangrang selalu selamat. Bagaimana semut ngangrang bisa selamat? Yuk simak kisah “Burung Kedasih dan Semut Ngangrang”

ISBN 978-623-194-981-3 (PDF)



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023